
# नेनाक बाइबिल

*प्रस्तुति*

# यीशु नेत्रहीनक चंगा करैत छथि



*लेखक*: Edward Hughes

*सचित्र द्वारा*: Janie Forest
Alastair Paterson

*रूपान्तरित*: Ruth Klassen

*अनुवाद*: Ashish Paul

*तैयार भेल*: Bible for Children
www.M1914.org


©2024 Bible for Children, Inc.
License: You have the right to copy or print this story, as long as you do not sell it.





बरतिमाई एक आन्हर मनुख छलाह, ओ यरिहोक नजदिक सड़क कऽ कछार में बैस कऽ भीख मांगैत रहैथि। सड़क दऽ कऽ जायवला किछु दयालुलोक हुनका किछु खायलऽ टूकरा बऽ किछु सिक्का दऽ दैत रहिन। बरतिमाई किछु काज नहि कऽ सकैत रहैथि किएक तऽ हुनका नहि सूझैत रहिन। ओ सिर्फ भिखे मांग सकैत रहैथि।





एक रोज मुख सड़क बड़ व्यस्त छल बरतिमाई बहुत लोकक आबय के पद चापक सुनि रहल छलाह। किछु अनहोनी भऽ रहल छल। शीघ्र ओ आन्हर मनुख जानि गेलाह कि ई तऽ वैह छथिन्ह। नासरतक यीशु नगरि में छलाह, यीशुक देखबाक लेल और सुनिबाक लेल भीड़ जौर भेल।
3



"हे यीशु, दाउदक संतान, हमरा उपर दया करू!" बरतिमाई किएक चिकर उठलाह? ओ किएक सोचलिन जे यीशु हुनक सहायता कऽ सकैत छथि ? शायद ओ दोसराक विषय में सुनिने रहैथि जे यीशु चंगा कएने छथि ओहि में सँ किछु लोक बहिर, गूंग, कोढ़ी आओर किछु लोक आन्हर छलाह जेना कि ओ रहैथि। हे दाउदक संतान हमरा उपर दया करू बरतिमाई बेर, बेर सोर पारअ लागल। हुनक सोर एक आशाक साथ गूँजअ लागल।
4


बरतिमाई एहि बातक बहुत निक सँ बूझि गेल छलाह जँ एहि बेर मौका हाथ सँ निकल गेल तऽ दोसर बेर मौका कहियो नहि भेंटतिन। शायद यीशु एहि बाट दऽ कऽ कहियो पुनः नहि गूजरताह।
5


बरतिमाईक तऽ यीशुक लग पहुँचाबाक रहिन। मुदा लोक सभ हटि नहि रहल छलाह। "ससखससअअ" ओ कहलिन। ओ हुनका सभक जगह छोड़बाक लेल कहलिन।
6


मुदा बरतिमाई चूपचाप नहि रहलाह। ओ तऽ गरजैत रहलाह। अचानक यीशु रुक! गेलाह सुनियो! ओ आज्ञा देलिन आन्हर मनुख कऽ हमरा लग आनू! "अब खुश भऽ जाऊँ" लोक सभ बरतिमाई सँ कहलिन। "उठि जाऊँ"। ओ अहाँक बजा रहल छथ।"
7


अपन अंगा कपड़ा कऽ फेंक कऽ बरतिमाई तुरन्त उठि कऽ यीशुक लग में आएब गेल।
8


“अहाँ की चाहैत छी जे हम अहाँक लेल करू ?“
यीशु हनका सँ पूछलिन। अहाँ कि उत्तर देबैक
जँ अहाँक लेल बहुत टाका पैसा अऽ निक
निक अंगा कपड़ाक उपाय हुएक ?
कि बरतिमाई वैह चाहैत रहैथि ?
9
नहि, आन्हर बरतिमाई यीशु सँ सोना चांनी
अऽ निक अंगा कपड़ा नहि चाहैत
रहैथि। अहाँ तऽ जानैत छी जे
ओ कि चाहैत
रहैथि।
10
“हे प्रभु, हम तऽ अपन आँखिक इंजोत चाहैत छी“ बरतिमाई
तऽ देखअ चाहैत रहैथि! ओ तऽ निक निक गाछ बिरिछ,
चिड़िया अऽ जतैक वसतुक ओ सुन्दर सुन्दर बनौने छथि,
हुनक सृष्टि कऽ ओ देखअ चाहैत छथि। ओ देखबाक ईच्छा
राखैत छथि जाहि सँ ओ स्वयं अपन देखभाल कऽ सकैथि
आओर ओ आगुक दिन में भिखार नहि रहअ चाहैत छथि।
11
तहन यीशु बरतिमाई सँ कहलिन - “अपन इंजोतक
लिअ। अहाँक विश्वास अहाँक उद्धार देलक“।
12
आँखिक इंजोत भेंटितिये
ओ यीशुक पाछाँ भऽ
गेलाह। ओ जे किछु
बाएज सकैत रहैथि,
ओ कहलिन
“परमेश्वर
अदभुत छथि!“
ओ हमरा चंगा
कऽ देलिन“।
ई बरतिमाई के
जिनगीक बड़
अदभुत समय छल।
13
जहन सभ लोक एहि बातक
देखलिन ओ सभ केओ
परमेश्वरक बड़ाई कएलिन।
एक बेर आओर ओ सभ
परमेश्वरक पुत यीशुक
सामर्थ्यक देखलिन। ओ
एक गरीब आन्हर भिखारीक
आँखि में ईजोत दऽ देलिन।
14

## यीशु नेत्रहीनक चंगा करैत छथि


***परमेश्वरक ब्द द्वारा ई खिस्सा बाइबिल***

***अहाँक द्व***

मरकुस 10, लूका 18, यूहन्ना 9

***ऋका क और प्रवे करवैत अछि।***
***भजन संहिता* 119:130**






50 60



*इ बाइबिल के कथा हमरा सब कऽ लेल बहुत अदभुत और आश्चर्य जनक अछि परम पिता परमेश्वर के वास्ते बता रहल अछि। जाहिमे हमरा सब के बनौने छथि। आउर आ ओ चाहेत छैथ कि हम सब हुनका जानैत रही समझैत रही।*

*परमेश्वर यानि ईश्वर बुझैत छैथ कि अपने ल¨कनिक नीक काम वा खराब काम कयने छी। जाहिमे पाप आ पुण्य ह¨यत अछि। जाहिमे पाप के सजा मृत्यु ह¨इत अछि। लेकिन ईश्वर तऽ सबस प्रेम करैतऽ छथि एहिलेल ओ अपन संतान,यीु के एहि जन्मभुमि पर पठौने छथि ताहि वास्ते हुनका पाप के खातिर हुनकुली (फाँसी) पर चढाअ¨ल जाए। आओर हुनका रीर त्याग करऽ परलैनि। आओर अ¨ फेर द¨सर जन्म र्स्वग सि ारि गेलाह। आहाँ सब यदि यीु यानि ईश्वर मे श्रद्रा राखैत छी विश्वास अछि तऽ हुनका सऽ प्रार्थना करु मा याचना करु तखने ओ अहाँ मे अहाँ हुनका मे लीन रहब आओर हमे ा जिबैतरहब।*

*अपने ल¨कनिक विश्वास राखैत छी।ई ईश्वर सत्य छैथ तऽ परमेश्वरसऽ बताबियौन।*

*प्रिय यीशु आहाँ पर हमरा विश्वास अछि श्रद्रा अछि। कि अहाँ हमर प्रभु परम पिता परमेश्वर छी हमर पाप के वास्ते अहाँ मनुष्य रुप ारन कऽ के रीर त्याग करऽ परल आओर पुनःयानि फेर सऽ जिवित भ गेलाह कृपा कऽ के हमर जीवन मे आउ। हमरा सबके पाप सऽ मुक्त कऽ दिय पाप सऽ मा कयल जाउ। जााहिमे नया तरीका सऽ अपन जीवन यापन चालु करब वा एक दिन अहाँ सबके साथ सदा कऽ लेल स्वर्ग जा सकु। हे प्रभु है ईश्वर (यीु) हमरा सब पर दया करु कि हम अहाँ के आज्ञा के पालन कऽ सकी आओर अपने सन्तान बनि कऽ जीवैत जीऊ, आमीन।*

*ई कथा बाइबिल के सबदिन पढु और परमेश्वर अमीन यहुला सऽ बातचीत करैत रहु।* *यहुन्ना* 3:16